



**Commission  
for the Blind**

**ETA NEW YORK  
OFFICE OF CHILDREN AND FAMILY SERVICES  
(BIWO SÈVIS POU TIMOUN AK FANMI)**

**COMMISSION FOR THE BLIND  
(KOMITE POU MOUN AVÈG)**

**TILIV POU SÈVIS TIMOUN**



## **ENTWODIKSYON**

Tiliv NYSCB pou Sèvis Timoun nan pral fè w vin abitye ak Pwogram Commission for the Blind pou Timoun nan Eta New York (NYSCB, Komite pou moun avèg ak moun ki gen pwoblèm vizyon). Objektif Pwogram pou Timoun nan se bay timoun ou an asistans ki nesèsè pou reyalize objektif li e vin tounen yon manm endepandan k ap patisipe nan kominote.

NYSCB administre yon dal pwogram pou moun ki avèg. Tanpri kontakte Biwo Distri NYSCB pou zòn pa w lan pou jwenn enfòmasyon sou pwogram pwofesyonèl, pwogram pou moun ki pi gran ak pwogram pou viv endepandan.

Deklarasyon Misyon NYSCB: Misyon NYSCB la se amelyore kapasite pou travay, ogmante endepandans epi ede nan devlopman kapasite ak fòs moun ki avèg ak moun ki gen pwoblèm vizyon.

## TABDÈMATYÈ

Kisa Commission for the Blind ye (NYSCB, Komite pou moun avèg) .....	paj 2
Kijan pou w aplike pou sèvis?.....	paj 2
Kisa yon Plan Sèvis Endividyèl ye .....	paj 3
Ki Sèvis NYSCB Bay? .....	paj 3
Kijan w ka sèvi pi byen ak Sèvis NYSCB bay pou Timoun? .....	paj 3
Kisa Dosye Sèvis NYSCB ye? .....	paj 4
Solisyon pou Konfli ak Apèl Kliyan .....	paj 4
Ki dwa w genyen nan pwosesis Apèl la? .....	paj 5
Biwo Distri NYSCB yo.....	paj 6
Dwa ak responsabilite fanmi .....	paj 7
Konfidansyalite Kliyan.....	paj 8

## **KISA COMMISSION FOR THE BLIND (NYSCB, KOMITE POU MOUN AVÈG)?**

Commission for the Blind nan Eta New York (NYSCB, Komite pou moun avèg), nan kad Biwo pou Sèvis Timoun ak Fanmi, bay sèvis dirèk pou moun ki avèg grasa biwo distri ki chita nan tout Eta a. NYSCB bay sèvis reyadaptasyon pwofesyonèl pou moun ki kalifye dekwa pou yo reyalize yon objektif travay. NYSCB bay lòt sèvis ki nesèsè tou pou timoun ak granmoun menm lè yo p ap chèche reyalize yon objektif pwofesyonèl/travay espesyalman.

## **KIJAN POU W APLIKE POU SÈVIS?**

Ou ka kontakte yonn nan biwo distri NYSCB yo e jwenn yon aplikasyon pou sèvis (gade lis ki nan Anèks A a) pou w aplike pou sèvis pou timoun ou. Ranpli aplikasyon an epi soumèt linan biwo distri a. Lè sa, y ap fikse yon premye entèvyou ak Konseye NYSCB pou Timoun. Yon lekòl, yon doktè, yon ajans prive ki okipe moun ki avèg oswa lòt òganizasyon kominotè, sèvis sante oswa sèvis sosyal kapab rekòmande w tou nan NYSCB.

Plis enfòmasyon, tankou dosye medikal oswa dosye lekòl ka nesèsè nan pwosesis aplikasyon an. Rapò medikal resan ki verifye andikap timoun ou an gendwa itil epi yo ka mande yo. Si yo pa disponib, NYSCB ap ede w jwenn enfòmasyon sa yo.

Pwogram NYSCB pou Timoun travay ak timoun depi nan laj nesans jiska dizan. A dizan, gen anpil chans pou yo refere timoun ou an ba Pwogram Reyadaptasyon Pwofesyonèl NYSCB la. Si timoun ou an ap ale lekòl jiska 21 an, y ap refere li nan pwogram reyadaptasyon pwofesyonèl la a 18 an si sa nesèsè.

Nan tout sèvis l ap bay yo, NYSCB pa fè diskriminasyon ki baze sou laj, sèks, andikap, ras, relijyon oswa orijin etnik.

Pou resevwa sèvis, timoun ou an dwaka e avèg sou plan legal (oswa yo panse li avèg sou plan legal) e li dwe abite nan Eta New York.

Pandan premye entèvyou ak Konseye pou Timoun nan, Konseye a ka pale sou kalifikasyon, sèvis defans, asistans yo kapab bay nan pwosesis Plan Edikasyon Endividyèl a (IEP), kantite patisipasyon paran ak konseye y ap atann, asistans nan tranzisyon pou ale nan pwogram reyadaptasyon pwofesyonèl pou granmoun lan, pwosesis apèl ak dwa e responsabilite kliyan yo.

## **KISA YON PLAN SÈVIS ENDIVIDYÈL YE?**

Plan Sèvis Endividyèl la (ISP) se yon dosye alekri pou sèvis endividyèl timoun nan, ki devlope grasa patisipasyon respwòk Konseye NYSCB pou Timoun lan ak fanmi/timoun lan. ISP rann ofisyèl tout sèvis Konseye Timoun lan ak fanmi/timoun lan te devlope e dakò sou yo a pou ankouraje reyalizasyon objektif timoun lan. Li dokimante tou responsablite tout pati yo pran. Konseye Timoun nan ak paran timoun lan, yo toude dwe siyen ISP a. Yo remèt paran an yon kopi ISP a.

## **KI SÈVIS NYSCB BAY POU TIMOUN?**

Sèvis reyadaptasyon annapre la yo gendwa disponib pou timoun ou an nan kad ISP li a pou ede nan reyalizasyon objektif li:

- Ansèyman Oryantasyon ak Mobilite
- Ansèyman Reyadaptasyon
- Sèvis Asistan Sosyal
- Konsiltasyon pou Vizyon fèb ak founi kèk aparèy pou vizyon fèb, ki gen ladan linèt tou
- Ekipman Espesyal
- Ansèyman Braille pou Paran
- Evalyasyon Dyagnostik
- Aktivite ladrès sosyal

Yo pase kontra pou sèvis sa yo ak ajans prive pou avèg, vandè prive, doktè ak espesyalis vizyon fèb. Tout sèvis yo depann de disponiblite fon. Yo itilize lòt benefis oswa lòt sous finansman anvan, si yo disponib, pou achte anpil nan sèvis ki anwo yo.

## **KIJAN W KA SÈVI PI BYEN AK SÈVIS NYSCB BAY POU TIMOUN?**

1. Pran angajman pou patisipe afon nan planifikasyon ak reyalizasyon objektif timoun ou an.
2. Konpetans pou vwayaje ak kominike se kle pou endepandans. Angajman pou pran fòmasyon se fondamantal pou timoun ou an vin posede konpetans enpòtan sa yo.
3. Rete an kontak avèk Konseye NYSCB Timoun ou an. Kenbe Konseye w lan okouran jan bagay yo ap mache.

## **KISA DOSYE SÈVIS NYSCB YE?**

Se yon dosye sèvis yo konsève pou chak moun ki patisipe nan NYSCB dekwa pou enfòmasyon konsènan sèvis yo byen dokimante. Li gen enfòmasyon sou aplikasyon timoun ou an, nòt Konseye a, rapò medikal, plan sèvis ISP a ak lòt kalite enfòmasyon anrapò.

Tout enfòmasyon rete konfidansyèl epi yo p ap kominike yo ba ankenn moun ni òganizasyon sof si NYSCB gen pèmasyon w alekri. Paran (oswa gadyen legal) gen aksè nan dosye sèvis timoun yo, men sa depann de sèten pwosedi ak limit. Konseye w lan ka eksplike pwosedi pou jwenn enfòmasyon nan dosye sèvis ou yo.

Souvan li nesèsè pou pran oubyen pou kominike enfòmasyon konsènan timoun ou an pou bay sèvis yo. Anèks B – Konfidansyalite Kliyan – eksplike poukisa ak kijan yo fè sa.

## **SOLISYON KONFLI AK APÈL KLIYAN**

Ou gendwa pa dakò avèk desizyon ki te pran pandan patisipasyon timoun ou an nan NYSCB. Ou gen dwa pou depoze apèl kont aksyon oswa kont desizyon yon konseye nan kèlkanswa domèn lè oumenm ak konseye a pa kapab rezoud dezakò a.

Yo te devlope yon pwosesis apèl pou pwoteje dwa timoun ou an ak pou egzaminen desizyon yo nan yon fason san paspouki. Objektif NYSCB se rive jwenn yon solisyon akseptab tout moun dakò sou li senpman e rapidman otank posib. Konseye w lan ka ba w plis enfòmasyon detaye sou pwosesis apèl la.

Lè w pa dakò ak yon desizyon konseye w lan pran, eseye kominike aklè pwoblèm ou pou eseye jwenn solisyon dezakò a. Si sa pa reyisi, di konsiltan an ou vle depoze yon apèl kont desizyon an.

Ou gen de posibilite disponib nan pwosesis apèl la:

- **PREMYE EGZAMEN** - Yon premye egzamen se yon revizyon direktè distri a oswa konseye siperyè ansanm avèk yon manm fanmi ak Konseye Timoun lan pou eseye rezoud pwoblèm yon kliyan ki pa satisfè;
- **EGZAMEN ADMINISTRATIF** – Yon egzamen administratif se yon revizyon aksyon oswa desizyon yon ajans pran ki disponib pou yon kliyan nan yon nivo pi wo nan direksyon ajans.

Ou ka jwenn yon premye egzamen grasa yon demann ou fè bòkote Konseye NYSCB Timoun lan, direktè distri a oswa konseye siperyè a. Ou ka kontakte direktè biwo distri NYSCB la nan bouch oswa alekri pou kòmanse yon egzamen administratif.

Ou ka mande yon egzamen alekri oswa pa telefòn, li preferab ou fè yon demann alekri. Si w bezwen èd pou prepare yon demann alekri, ou dwe mete enfòmasyon sa yo lè w ap mande yon revizyon:

1. Non ak adrès timoun ou an (ansanm ak adrès nou resevwa lèt);
2. Yon nimewo telefòn yo ka kontakte w ladan;
3. Non, adrès ak nimewo telefòn nenpòt moun w ap fè reprezante w nan odyans la (tankou avoka w oswa yon lòt defansè);
4. Non, biwo distri ak nimewo telefòn manm estaf NYSCB la(yo) ki konsènen nan pwoblèm k ap diskite a;
5. Yon deskripsyon sou desizyon oswa aksyon w ap fè apèl kont li a, bay presizyon otank posib;
6. Kopi nenpòt avi alekri ki soti nan NYSCB ki konsènen apèl ou an;
7. Endike mòd kominikasyon ou pi pito a, sètadi Braille, gwo karaktè, tep, vwa, elatriye.

## **KI DWA W GENYEN NAN PWOSESIS APÈL LA?**

Ou gen dwa pou yon reprezantan ki gen otorizasyon tankou konsèy legal, paralegal, manm fanmi oswa lòt pòtpawòl akonpaye oswa reprezante w. NYSCB pa responsab frè reprezantan w lan.

Ou gen dwa tou pou egzaminen e prezante enfòmasyon enpòtan apati dosye sèvis ou yo. Gen restriksyon konsènan kominikasyon kèk dosye sou enfòmasyon sèvis. Konseye w lan ka eksplike w pwosedi pou jwenn enfòmasyon apati dosye sèvis yo, ak nenpòt restriksyon ki ka aplike.

---

## **ANÈKS**

- Anèks A      Biwo Distri NYSCB yo
- Anèks B      Dwa ak Responsablite Fanmi
- Anèks C      Konfidansyalite Kliyan – Lwa sou Pwoteksyon Vi Prive



**ANÈKS A**  
**BIWO DISTRI NYSCB YO**

Biwo Distri Buffalo  
295 Main Street  
Room 545  
Buffalo, NY 14203  
(716) 847-3516

Rochester Outstation  
259 Monroe Square  
Room 303  
Rochester, NY 14607  
(716) 238-8110

Biwo Distri Syracuse  
100 South Salina Street  
Suite 105  
Syracuse, NY 13202  
(315) 423-5417

Garden City Outstation  
711 Stewart Avenue  
Suite 4, Room 209  
Garden City, NY 11530  
(516) 564-4311

Biwo Distri Albany  
52 Washington Street  
South Building, Room 201  
Rensselaer, NY 12144  
(518) 473-1675

Biwo Distri White Plains  
445 Hamilton Avenue  
Room 503  
White Plains, NY 10601  
(914) 993-5370

Biwo Distri New York City  
80 Maiden Lane  
23rd Floor  
New York, NY 10038  
(212) 825-5710

Biwo Distri Hempstead  
50 Clinton Street  
Suite 208  
Hempstead, NY 11550  
(516) 564-4311

Biwo Distri Harlem  
163 West 125<sup>th</sup> Street  
New York, NY 10027  
(212) 961-4440

## **ANÈKS B**

### **DWA AK RESPONSABLITE FANMI**

Lè y ap bay sèvis yo NYSCB pral asire yo pwoteje dwa timoun ou an. Ou gen yon obligasyon ede timoun ou an fè pwogrè pou atenn objektif li yo. ISP a se pa yon kontra, men se yon plan pou sèvis yo. Plan an ap egzekite depi timoun ou an kontinye kalifye pou sèvis yo, depi fon disponib pou sipòte plan an, epi plan an annakò avèk politik e pwosedi aktyèl NYSCB. Oumenm ak Konseye Timoun ou an pral egzaminen ISP timoun ou an omwen chak 18 mwa.

Dwa ak responsablite w site anba la a:

#### **DWA**

- Se dwa w pou w patisipe afon nan devlopman plan timoun ou an.
- Se dwa w pou yo konsilte w anvan yo fèmen dosye timoun ou an.
- Si yo fèmen dosye timoun ou an sou baz li pa kalifye, w ap gen opòtinite patisipe nan desizyon an.
- Si w pa satisfè ak sèvis timoun ou an ap resevwa oswa sèvis yo refize l nan kad plan sa a, yo ankouraje w diskite sou sa ak Konseye Timoun lan.
- Si w pa satisfè toujou, ou ka depoze yon apèl.
- Tout enfòmasyon anplwaye ki bay pou reyadaptasyon timoun ou an ap rete konfidansyèl. Men yo ka mande w pou renonse a konfidansyalite annakò avèk règleman ak pwosedi ki etabli.

#### **RESPONSABLITE W SE:**

- Pou kolabore nan egzekisyon plan sa a.
- Pou mete Konseye Timoun lan okouran tout chanjman ki gen efè sou plan timoun ou an, tankou chanjman nan:
  - sante
  - asirans sante
  - lòt benefis ki disponib
  - adrès
  - telefòn

## **ANÈKS C**

### **KONFIDANSYALITE KLIYAN – LWA SOU PWOTEKSYON VI PRIVE**

Tout enfòmasyon NYSCB pran ap rete toutafè konfidansyèl.

NYSCB ap toujou mande otorizasyon w alekri pou pran oswa pou kominike enfòmasyon timoun ou an. Kolaborasyon w nesèsè pou nou bay sèvis timoun ou an ka benefisye.

CVBH pral itilize bonjan kalite enfòmasyon pou detèmine si timoun ou an kalifye pou sèvis, epi si li kalifye, pou detèmine ki sèvis k ap pèmèt timoun ou an reyalize objektif li yo.

Seksyon 8701-8714 nan Unconsolidated Laws of New York (Lwa Nouyòk ki pa kodifye) bay NYSCB dwa pou kolekte sèten enfòmasyon sou timoun ou an.

Pou planifye sèvis yo nou ka kominike ak lòt moun pou aprann pi plis sou timoun ou an. Pa egzanp, nou ka:

- jwenn enfòmasyon medikal, enfòmasyon edikasyon ak sosyal, si sa nesèsè;
- òganize evalyasyon ak sèvis ki nesèsè;
- pran kontak ak Committee on Special Education (CSE, Komite pou Edikasyon espesyal), pwofesè moun ki gen pwoblèm vizyon, asistan sosyal oswa lòt anplwaye lekòl.

Apa sèvi nan fason sa a avèk enfòmasyon ou ban nou yo, Eta New York ka sèvi ak enfòmasyon yo pou devlope estatistik sou moun k ap resevwa sèvis yo pou ede nan jesyon pwogram sa yo.

Si w refize ban nou enfòmasyon nou bezwen yo, li ka anpeche nou konnen si ou kalifye pou sèvis yo, epi nou p ap kapab pran desizyon pou aplikasyon ou fè pou sèvis yo.

Dapre Lwa sou Ameriken ak Andikap, Biwo pou Timoun ak Sèvis Fanmi Eta New York pral fè materyèl sa a disponib nan yon fòm ki apwopriye sou demann.

NYSCB Children's Handbook  
Commission for the Blind

Capital View Office Park  
South Building, Room 201  
52 Washington Street  
Rensselaer, NY 12144

Telefòn: 518-474-6812  
Faks: 518-486-5819

**Pub. 5168-HC (6/2018)**